



# DONE OU DWA OU

*Bank alimantè sa a ap pase nan yon sistèm elektwonik akòz metòd admisyon li. Sa vle di tout enfòmasyon nou te resevwa sou papye anvan pral konsève kounye a sou fòm elektwonik. Sa a se yon gwo chanjman pou bank alimantè sa a, epi sa pi enpòtan pou ou tou! Nou rekonèt ou ka gen kèk kesyon epi nou eseye reponn yo pou ou anba a. Si ou vle konnen plis enfòmasyon, nou ankouraje ou pou pale avèk anplwaye ki nan bank alimantè lokal ou.*

## POU KISA CHANJMAN AN?

The Capital Area Food Bank pran plezi pou kolabore avèk bank alimantè lokal sa a pou modènize metòd admisyon an. Si ou patisipe nan nouvo metòd sa a epi si ou reponn kèk kesyon, w ap ede nou redui kantite tan pou tann pou vizit pou retounen epi w ap ede nou pran desizyon ki pi entèlijans sou fason n ap sèvi kominote ou.

## KISA NOUVO SISTÈM NAN YE MENM?

Sistèm nan rele Service Insights. Se yon zouti enfòmasyon elektwonik ki fè li pi fasil pou bank alimantè yo jere enfòmasyon sou kominote y ap sèvi pandan y ap satisfè nenpòt kondisyon pou bay rapò.

## ÈSKE MWEN GEN OBLIGASYON POU BAY ENFÒMASYON MWEN?

Non, men pou nou kapab resevwa USDA/TEFAP (Pwogram Asistans Manje akòz Ijans), n ap bezwen konnen enfòmasyon sa yo:

- Prenon ou ak non fanmi ou
- Adrès ou
- Kantite moun k ap viv lakay ou
- Revni ou touche chak mwa OSWA si ou patisipe nan nenpòt pwogram asistans tankou SNAP/koupon pou manje (food stamps), TANF, elatriye.

N ap mande ou ras ou oswa gwoup etnik ou tou, epi non ak laj moun yo k ap viv lakay ou. Ou pa gen obligasyon pou reponn kesyon sa yo pou resevwa TEFAP, men nou swete w ap chwazi reponn yo.

## ÈSKE MWEN PRAL GEN POU FÈ SA CHAK FWA?

Non. Itilizasyon Service Insights ap pèmèt nou konsève enfòmasyon ou yo sou fòm elektwonik epi sa ap pèmèt ou fè vizit pidevan yo pi vit.

N ap sèlman mande ou pou verifie ak modifye enfòmasyon ou yo tanzantan.

Ou gen kesyon osa enkyetid? Imèl nou nan [ServiceInsights@capitalareafoodbank.org](mailto:ServiceInsights@capitalareafoodbank.org)



Together we can solve hunger



# DONE OU DWA OU

## PWOMÈS CAFB KONSÈNAN DONE OU

### **N ap trete ou ak enfòmasyon ou avèk diyite ak respè.**

Si ou pa vle ba ou enfòmasyon ou epi si ou santi ou pa alèz pou reponn nenpòt kesyon, n ap respekte chwa ou epitou n ap fè tout sa nou kapab pou bay sèvis yo pou ou kèlkeswa sitiyaasyon an. N ap fè repons ou yo konfyans epi n ap toujou ba ou pi bon sèvis nou kèlkeswa sitiyaasyon an.

---

### **N ap kenbe enfòmasyon ou yo yon fason ki asire ak pwoteje.**

N ap garanti enfòmasyon ou ba nou yo nan limit posiblite nou. Nou p ap divilge enfòmasyon pèsònèl ou apa ba okenn moun ki deyò rezo patnè sa a. Service Insights gen nòm sekirite ki sevè anpil, epi itilizatè yo kapab sèlman wè enfòmasyon yo bezwen wè. Anrejistreman enfòmasyon yo nan fason sa a pi an sekirite pase anrejistreman yo sou papye.

---

### **N ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou bay pi bon sèvis yi pou ou.**

Si ou bay enfòmasyon debaz ou yo, w ap ede nou adapte sèvis nou yo poui bezwen kominote a nan fason posib ki pi bon an. Nou p ap itilize enfòmasyon sa yo pou kontwòle aktivite endividyèl ou oswa pou limite sèvis n ap ba ou yo. Nenpòt moun ki ka wè enfòmasyon ou yo ap wè yo sèlman pou anrejistre sèvis nou ba ou yo oswa pou modifiye pwofil ou. Bank alimantè ou ak Food Bank kapab lanse rapò pou chèche tandans yo epi pou jwenn plis enfòmasyon sou kominote a, men rapò yo p ap idantifye okenn sèten enfòmasyon endividyèl ki kapab idantifye ou.

Ou gen kesyon oswa enkyetid? Imèl nou nan [ServiceInsights@capitalareafoodbank.org](mailto:ServiceInsights@capitalareafoodbank.org)

Together we can solve hunger